Ассаламу гІалайкум!

# ЦІумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2025 соналъул 7 март Рузман № 13 (7883) Газета бахьизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ 12 +

ЦІУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

**Барки**

## ХІурматиял руччаби!

РакІ-ракІалъ баркула нужеда ихдалил гьайбатаб байрам-Халкъазда гьоркьосеб руччабазул къо-8 март.




Нуж ккола нижер гІумруялъул рохелги, чІухІиги, хинлъиги, талихІги. ЧІужугІаданалъ лъола хъизамалъе щулияб кьучІ, гІуцІула гІумрудул гьудуласе ва лъималазе берцинаб дуниял, свине толаро гьасда цІа. Нужерго загІипал гъуждузда баччула хъизанги, магІишатги, хІукуматалъул хІалтІиги.

Руччабазул гІакъиллъиялда, гьезул хІеренлъиялда ва сабруялда бараб буго гІун бачІунеб гІелалъе тарбия кьей ва ВатІаналде рокьи куцай. Баркала нужее нужер захІматалъухъ, хІеренлъиялъухъ, къохІехьеялъухъ, къойил нижер гьабулеб тІалаб-агъазалъухъ ва ритІухълъиялъухъ.

Гьарула нужее щулияб сахлъи, рекІее сабру, гьурмае берцинлъи, хъизам-лъималазе талихІ ва рохалилаб гІумру.

**Шамил ГІумаров,** районалъул бетІер

## Сергей Меликовасул Денис Мантуровасулгун дандчІвай

4 марталда Москваялда Дагъистаналъул БетІер Сергей Меликов дандчІвана Россиялъул ХІукуматалъул нухмалъулесул тІоцевесев заместитель Денис Мантуровгун.



Гьенир гьоркьор лъуна республикаялда промышленность цебетІеялъул Фондалъул хІалтІул, предприятиябазе кумек гьабиялъул ва цогидалги кІвар бугел суалал.

Жакъа къоялда республикаялда 34 инвестициялъулаб проекталъе Фондалъул кумекалдалъун щун буго 790 млн. гъурущ.

Гьединго гьоркьор лъуна республикаялъул ОПКаялъул предприятиябазда харж цІикІкІинабиялъул ресазул ва хьитазул промышленносталъе страхованиялъул взносазул гІодобе ккараб цогояб тариф хІалтІизабиялъул суалалги.

Дагъистаналда гІумруялде бахъинабулеб буго «Город обувщиков» абураб проект. Гьелда рекъон хІисабалде босун буго республикаялда 1600 хІалтІулеб бакІ гІуцІизе.

**Нилъерал СВОялда**

## Школалъул директор рагъулаб мухъилъ

Рагъалъ вас гьавулареблъи лъаларев чи ракьалда ватиларо. Жакъасеб къоялъул хІакъикъаталъ-улбузул макьу тарал сардазгун рахІат хварал къояз, лъабго соналъ Украиналда унеб бугеб хасаб рагъулаб тадбиралъ, нилъер тарихалъулъ ккарал цогидалги пашманал ишазго гІадин, ракІ пашман гьабичІев чи хутІунги тунги ватиларо. Гьеб бихьулеб буго щибаб къоялъ гІадин, хъван гІарзабигун хасаб рагъулаб тадбиралде унел ругел гІолохъабазул къадаралдаса.

Жакъасеб къоялъул багьадурзаби - СВОялъул гІахьалчагІи щибаб рокъор ругин абизеги бегьизе батила. Гьел мустахІикъал руго бищун тІадегІанал шапакъатазегун адаб-хІурматалъе рагъулъ щибаб лахІзаталъ бихьизабулеб къохІехьеялъухъгун бахІарчилъиялъухъ, ВатІаналъе ритІухълъиялъухъ, гьедараб гьаялъе хилиплъунгутІиялъухъ. Рохула ва чІухІула гьединал, гІун бачІунеб гІелалъ жидедаса мисал босизе мустахІикъал гІолохъаби нилъеда сверухьги, гъорлъги рукІиналдаса. Гьединаздаса цояв ккола Хонохъ росулъа ГІубайдулаев Герейханги.

Гьев ккола лъимал гІемераб (ункъо вацгун лъабго яц) хъизаналда гьавурав ва гІурав магІарулав, лъидасанго лъикІ бичІчІула гьитІиназул тІалабги кІудиязул хІурматги гьабизе кколебльи, нилъеца цІуничІони нилъер хъизан-лъимал, нилъер ракь, къватІисанги вачІун цогидас гьеб хъамал гьабун гурони, цІунулареблъи. 19 сон барав гІолохъанчи вукІана гьев гІагараб районалде яргъид гІуцІараб хъачагъазул къокъаялъ сапар бухьараб балагьаб 1999 соналъул августалда. Бихьана росу-ракьцояз кин район цІунарабали ва тушманасе цевехун ине нух гьукъарабали. Доб мехалъ ярагъ борчизе щвечІониги, гьаб нухалъ Герейхан цо лахІзаталъги ургъичІого ана рахъулаб хасаб операциялде…



ГІагараб Хонохъ росулъ 9 класс лъугІун хадуб Герейхан цІалана Агъвали гьоркьохъеб школалда. Гьеб лъугІарабго цІализе ана Буйнакскиялъул педагогикияб училищеялде, хадув цІалана ДГУялда, лъугІизабуна биологиялъул факультет. Хонохъ тІадвуссарав гІолилас гІуцІана хъизан, гьесул буго ункъо лъимер, хІалтІана гІагараб росдал школалда биологиялъул мугІалимлъун.

2021 соналъ гьев тІамула школалъул нухмалъулевлъун, хІаракат бахъулеб букІана гьениб цІалулгун гІун бачІунеб гІелалъе тарбия кьеялъул рахъ лъикІлъизабиялда тІад хІалтІизе ва амма…

Ва амма гьев ккана мобилизацияги лъазабун армиялде ахІаразул мухъилъ ва гьале лъабабилеб сон буго гьев цебесеб кьерда кодоб ручка-къаламгун гурев, ярагъги борчун вагъулев вугелдаса. «Директор» абун буго гьесул позывной (ахІулеб цІар.) Чаналиго нухалъ щвана гьев рокъовеги хъизан-лъималазухъе. РакІбацІцІадаб хъулухъалъухъ гьев мустахІикълъана командованиялъул рахъалдаса баркалаялъул кагътазегун рагъулал шапакъатазе-медалазе.

-Нилъер гІолохъабаз, бахІарчиял умумузул ирсилаз, унго-унгояб багьадурлъи бихьизабулеб буго рагъулъ, мустахІикъаб куцалда гьезул ишги рагІалде бахъинабулаго. Донбассгун Энергодарги ва цогидалги шагьарал цІуни, эркен гьари гуребги, солдатаз жидерго рухІ кьун цІунулеб буго жакъа нилъееги хадубккун букІинесеб гІелалъе кунчІун гвангъараб бакъул ракълилаб зоб,-ян абула Герейханица.

-Узухъда, рагъалъ васал гьаруларо, гьеб пашманлъиги кутакаб камиги буго нилъее. Амма дунги, мунги, довги, гьавги нахъе къан чІани, лъицаха ВатІанги хъизанги цІунизе ругел?!...

Нилъ налъулал руго Герейхание ва гьесда релълъарал азаазар цогидалги рагъухъабазда цере. Гьел руго унго-унгоял бахІарзал, КІудияв ВатІанияб рагъда рагъарал жидерго кІудаумумузул ирс босун рагъулел бахІарзал.

Нилъеда лъаларо кигІаналъ гьаб рагъ халат бахъилебали, амма ракІчІун лъала бергьенлъи нилъехъ букІин.

**ПатІимат МуртазагІалиева**

## ЦІумадисел бахІарзал

Дир ЦІумадисезул цІа гІадал васал,  
ЦІа боркьараб рагъулъ рухІ кьезе арал.  
ГІисинал лъимал тун, эбел- эмен тун,  
ВатІаналъе гІоло сапар бухьарал.

Хасалил цІоройги, роол бухІиги,  
Рагъул майданалда тІамулел васал.  
Вегизе бусенги, тІагІамаб квенги,  
Макьилъ бихьун гуреб, щванадай нужей.

ВатІаналде ккараб къо борхулел нуж,  
Гьединал рукІиялъ чІухІула дир ракІ.  
ГІадада гурелъул нилъер магІарухъ,  
Вас гьавураб къоялъ туманкІ кьвагьулеб.

Гьеб къоялъ кьвагьараб тункІил гьаркьица,  
Чорхолъе бессараб нужеда къвакІи.  
Къо борхизе кІолел, хІинкъи лъаларел,  
ХІал кІолев Аллагьас бижараб уммат.

Хириял, гІагарал, дир цІумадисел,  
Хвел аскІоб къачІого, ругъун щвечІого,  
Бергьенлъидул байрахъ борхалъуда чІван,  
Нуж гІураб росулъе русси дир мурад.

**Зулейха Мусаева**

Наркотикал-инсанасул тушман

# ГІасруялъул чума

Ахирал соназда наркомания лъугьун буго нилъер жамгІияталъул вахІшияб унтилъун. ГІемераб батІи-батІияб, заралияб щинаб жоги жанибе жубан ва лъун, чанго батІияб гьекъолебги бухІулебги жо ургъун буго нилъер гІолохъанаб гІел хвезабизе. Гьеб лъица ургъарабали, гьаниб хъвачІониги киназдаго лъала. Щайгурелъул наркоманазда гъорлъ бащадалдаса цІикІкІун руго 16-30 сон барал гІолохъаби.




Амма дагь-дагьккун школазда цІалдохъабиги гІахьаллъулел руго наркотикал хІалтІизариялъулъги, электроннияб сигара ян абун цо кинабалиго мущдукІги кІалдиб къазабун кІкІуй березабулеб жоялдаги. Васасдаса къун чІолел гьечІо ясал гьеб кинабго заралияб ишалдаса. Цинги букІуна гьезул цоцазде «агрессия» - щцин. ГІиллаго гьечІого байбихьула къец. Гьелдасан гьарула гьез вахІшиял ишал, къокъабиги гІуцІцІун цоцазде тІаделъун цоял рухизе ва гьабулеб квешаб щинабги телефоназда бахъун интернеталде рехизе. Гьединаз суризабун, тІоцебесеб бакІ ккун кІалухъ бахъун буго Дагъистан. Рокъор эбел-эмен, школазда учительзаби кире ралагьун рукІунел. Школалъул охрана сунде буссун букІунеб, школалде нахъеги рачун тІел-тІел ккун цІалдохъаби цоцаз рухулеб заманалъ? Нилъее ккараб щиб, унтун бугин Дагъистан батІибатІияб «вирусалъ». Щай кантІуларел? Рокъор эбел-инсуца щай лъималазе аскІорги гІодор чІезарун вагІза-хабар гьабулареб, лъикІабги-квешабги лъан букІине, чІахІиязул адаб, гьитІиназул хІурмат гьабизе. Нилъер рокъоб кинаб гьава-бакъ батаниги, гьединаб хьвада-чІвади лъималазул къватІибги букІуна.

Дагь-дагь ккун гьезул рахъуна наркоманал. Гьеб гьечІого чІезе кІоларо гьезда. Гьезул психикаги, гІумруялъул бербалагьиги гІадатиял гІадамазул гІадаб букІунаро, гьезул гІумруялъул мурад ккола бокьараб къагІидаялъ «дозалъе» гІарац бахъи: наркотикал тІиритІизари, цІогь, хъачагълъи, хъахІбалъи. ГІадатияб къагІидаялъ абуни гьеб «доза» лъугьуна хъачагълъи, чІвай-хъвеял ва цІогьалдалъун. Гьединаб букІуна наркоманасул гІумрудул ахир.

Жакъа къоялда жаниб наркоманиялде данде кьеркьей ккола нилъер пачалихъалда жаниб кІвар бугеб масъалалъун, гьелде данде гІолилазе гьарулел руго киса-кирего, ай школазда, техникумазда ва ВУЗазда батІи-батІиял тадбирал.

Гьелдаса бачІунеб гІел цІунизе ккани, цо полициялъул, школалъул ва мажгиталъул къуватал гІоларо.

РачІа нилъеца нилъерго букІинесеб цІуниялъе ва гьеб тІегьаялъе наркоманиялде данде рагъ базе, гьелда хурхун тІоритІулел тадбиразулъ гІахьаллъизе, гьел тІоритІизе кумек гьабизе.

ТІадегІанав Аллагьас цІунаги нилъги нилъер лъималги квешабщиналдаса.

**РукъиятГІалисултанова**

# Имам лъиего къуличІо

***Гьал къоязда социалиял гьиназда тІибитІун буго Россиялъул пача Александр КІиабилесул васасул берталъе ахІараб бакІалда Шамил имамас пачаясул кверална убач гьабун рагІулин абун бицунеб хабар. Гьелъул хІакъалъулъ гьадинаб баян къуна тарихиял гІелмабазул доктор, профессор ХІажимурад Доногьоца:***

-Пачаясул васасул бертин букІана 1866 соналъул октябрь моцІалда. Калугаялда гІумру гьабун вукІарав имам Шамилги ахІун вукІана гьениве. Гьениб бегьуляреб яги нечезе ккараб жоги бихьуларо дида. Амма имам Шамилица пачаясул кверална убач гьабунин, пачаясги Шамилил кверална баанин абураб хабар буго щибго кьучІ гьечІеб.

Пачаясул васасул бертин кколаан пачалихъияб кІвараль лъугьа-бахьин. Гьениб гьабулебщинабги букІана пачалихъияб даражаялда. Гьединлъидал гьеб тадбир чанго моцІаль цебего ургъун, кив щив гІодов чІезе кколевали, кида ва кинаб квен кьезе кколебали мухІканго хІадур гьабун букІуна. ГІуцІун букІуна кІалъазе рахъине кколезул тартибги, ай щив лъида хадув кІалъалевалицин.

КибгІаги хьван гьечІо Шамил Александр КІиабилесда аскІов гІодов чІун вукІанин абураб жо. Гьединаб жо ккезе ресги букІинчІо, щайгурелъул пачаясда аскІор ва сверухъ гІодор чІун рукІана цебеккунго гІуцІараб планалда рекъон, гьесда аскІор рукІине тІадал гІадамал.

Шамил гьеб заманалда вукІана Калугаялда. Гьев чІун вукІана хІежалде ине ихтияр кьеялъухъ балагьун. Гьеб букІана имамасул бищунго аслияб мурадги. Гьесие бокьун букІана хІеж борхизе ва жиндирго гІумрудул хутІарал къоял динцоязда аскІор тІамизе. Гьеб гуребги, хІажат букІана жиндирго лъималазул гІумруялъулги тІалаб гьабизе. Калугаялдаги вукІун, гьеб кин гьабилебали лъалеб букІинчІо... Узухъда, Шамилие бокьун букІана кІванагІан хехго гьениса нахъе ине, амма Александр КІиабилес рагІи кьун букІаниги, нахъбахъулеб букІана гьеб иш.

Рагъ лъугІаниги, Шамилил цІар жеги дунялалда тІибитІун букІана. Гьединлъидал Александр КІиабилесда лъалаан Шамил хІежалде унаго Турциялдеги щолевлъи. Гьенив гьев хІурматалда кьабул гьавизе вукІинги. Гьель гІурусаздагун турказда гьоркьоб цІидасан рагъ багъаризе рес букІин. Рагъ ккечІониги, багъа-бачариял ккезе рес букІана. Гьединлъидал пачаяс рагІи кьун букІаниги, Шамил хІежалде виччалев вукІинчІо. Гьес хІаракат бахъулаан Шамилие лъикІал шартІал чІезаризе, гьев веэдизе, сайгъатал кьезе. Шамилидехун адаб бугеб бербалагьи бихьизабулаан киназго. Имамасдаги бичІчІулаан гьез пуланаб мурадалъе гІоло тІалаб-агьаз гьабулеб букІин.

ТахбакІалъул ирсиласул бертадаса пайдаги босун, Шамилида ракІалда букІун батизе бегьула Маккаялде иналъул суал борхизе рес щвелин абун. Гьеб мурадгун унги вукІана гьев пачаясул васасул берталъе. Амма гьеб суал борхичІо.

Дида ракІалде ккола киназдаго бичІчІулин ва лъалин Шамилие гьединал тадбирал хІажат рукІинчІольи, гьезда гІахьаллъизе бокьунги букІинчІольи. Амма пачаясул кІалгІаялда гьединаб гІадат букІана. Шамилида гьеб бичІчІулаан. Шамилица гІумру гьабулеб букІана жидер хасал законалги хьвада-чІвадиялъул къагІидабиги ругеб улкаялда. Лъицаго ва кибго хьванги гьечІо Шамилица шаригІаталда дандекколареб щиб бугониги жо гьабунин абун.

Нагагь Шамилица Александр КІиабилесул кверална баун букІарабани, гьелъул хІакъалъулъ хьвазе букІана киналго газетазда. Нижеца халгьабуна доб заманалда къватІире риччалел рукІарал «Санкт-Петербургские ведомости», Лондоналъул «Илюстрейшен» ва цогидалги газетазухъ. Гьезда кибго хьван гьечІо Шамилицаги Александрицаги цоцазул квераздa баанин, гьел аскІор гІодор чІун рукІанин яги цоцазда кІалъанин абун. Нужецаго хІисаб гьабе, гьединаб лъугьа-бахьин букІарабани, газетаз гьелъул хІакъалъулъ гІемер бицине букІана.

Шамилица Россиялда гІумру гьабулеб заман цІакъ къадруялда тІамуна. Гьелъул хІакъалъулъ бицунеб буго Россиялъул газетаздаги, журналаздаги, гьесул хІакъалъулъ хьварал гІелмиял хІалтІабаздаги. Я очерказулъ, я тарихиял документазулъ, я ракІалдещвеязулъ ратизе гьечІо нужеда Шамилица Россиялъул пачаясда ва низамалда цебе бетІер къулун, загІиплъи бихьизабунин абун хьвараб бакІ. Жиндирго цІаралда тІанкІ лъезе биччачІого тІамуна гьел сонал имамас.

**«ХІакъикъат» газеталдаса босараб**

## АДМИНИСТРАЦИЯ
**муниципального района «Цумадинский район»**

# ПОСТАНОВЛЕНИЕ № 45

**от 28 февраля 2025 г.**

**Об утверждении Реестра муниципальных услуг МР «Цумадинский район»**

В, руководствуясь статьей 11 Федерального закона от 27.07.2010 г. № 210-ФЗ «Об организации предоставления государственных и муниципальных услуг», Федеральным законом от 06.10.2003г. № 131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Уставом МО «Цумадинский район в целях открытости и общедоступности информации по предоставлению муниципальных услуг населению, администрация МР «Цумадинский район» **постановляет:**

1. Утвердить Реестр муниципальных услуг муниципального района «Цумадинский район».
2. Постановление администрации МР «Цумадинский район» от 17.01.2012 г. №7 «Об утверждении Реестра муниципальных услуг муниципального района «Цумадинский район» считать утратившим силу.
3. Опубликовать настоящее постановление в районной газете «Голос Цумады» и разместить на официальном сайте администрации МР «Цумадинский район».
4. Контроль исполнения настоящего постановления возложить на заместителя главы Магомедова Х.Г.
5. Настоящее постановление вступает в силу с момента его официального опубликования.

**Глава муниципального района Ш. Омаров**

# В РФ введена новая шкала налога на доходы физических лиц

С 1 января в нашей стране введена новая прогрессивная шкала налога на доходы физических лиц (НДФЛ).

Чем выше доход, тем больше налоговая ставка. Для доходов резидентов РФ, полученных с 2025 года, применяются новые ставки: 13% для доходов до 2,4 млн руб.; 15% для доходов от 2,4 млн. до 5 млн руб. в год; 18% для доходов от 5 млн до 20 млн руб. в год; 20% для доходов от 20 млн. до 50 млн руб. в год; 22% для доходов больше 50 млн руб. в год.

Под новую шкалу попадает большинство доходов, например: заработная плата; выигрыши в азартные игры и лотереи; прибыль контролируемой иностранной компании (КИК) и др. Стоит отметить, что для некоторых доходов применяется ставка НДФЛ 13% (до 5 млн руб.) и 15% (выше 5 млн руб.). К ним, в частности относится денежное довольствие и иные дополнительные выплаты, связанные с участием в СВО.

**УФНС по РД**

**А Д М И Н И С Т Р А Ц И Я**
**муниципального района «Цумадинский район»**

# Постановление №22

**10 февраля 2025 г.**

**Об установлении публичного сервитута в целях складирования строительных и иных материалов, возведения некапитальных строений, сооружений (включая ограждения, бытовки, навесы) и (или) размещения строительной техники, которые необходимы для обеспечения строительства линейного объекта системы газоснабжения и его неотъемлемых технологических частей «Газопровод межпоселковый с. Халих Цумадинского района», назначение: транспортировка газа. Площадь: общая 8321 прочие. Протяженность: 8321.0000 м. Доп. описание: протяженность: 8321м Адрес (местоположение): Россия, Республика Дагестан, Цумадинский район. (код стройки 48802-20)**

В соответствии со статьями 23, 78 и главой V.7 Земельного кодекса Российской Федерации, Федеральным законом от 25 октября 2001 г. № 137 - ФЗ «О введении в действие Земельного кодекса Российской Федерации», Постановлением Правительства Республики Дагестан от 30 июня 2022 года № 210 «Об утверждении схемы территориального планирования Республики Дагестан», приказом Росреестра от 19 апреля 2022 года № П/0150 «Об утверждении требований к форме ходатайства об установлении публичного сервитута, содержанию обоснования необходимости установления публичного сервитута», приказом Росреестра от 13 января 2021 г. №П/004 «Об установлении требований к графическому описанию местоположения границ публичного сервитута, точности определения координат характерных точек границ публичного сервитута, формату электронного документа, содержащего указанные сведения» и на основании ходатайства Мальсагова И.А., действующего по доверенности от 1 августа 2023 года серия 78 АВ номер 3335754 в интересах общества с ограниченной ответственностью «Газпром газификация», Администрация МР «Цумадинский район» **постановляет:**

1. Установить публичный сервитут в целях складирования строительных и иных материалов, возведения некапитальных строений, сооружений (включая ограждения, бытовки, навесы) и (или) размещения строительной техники, которые необходимы для обеспечения строительства линейного объекта системы газоснабжения и его неотъемлемых технологических частей «Газопровод межпоселковый к с. Халих Цумадинского района», назначение: транспортировка газа. Площадь: общая 8321 прочие. Протяженность: 8321.0000 м. Доп. описание: протяженность: 8321м Адрес (местоположение): Россия, Республика Дагестан, Цумадинский район. (код стройки 48802-20)» в соответствии с пунктом 2 статьи 39.37 Земельного кодекса Российской Федерации в отношении земель и земельных участков, указанных в приложении № 1 к настоящему постановлению;

2. Определить обладателя публичного сервитута - АО «Газпром газораспределение», ИНН 7838306818, ОГРН 1047855099170, место нахождения юридического лица: 197110, г. Санкт-Петербург, набережная Адмирала Лазарева, дом 24, литера А, адрес электронной почты: gsp@gsp.gazprom-investgaz.ru

3. Срок действия публичного сервитута - 3 (три) года со дня внесения сведений о нем в Единый государственный реестр недвижимости

4. Срок, в течение которого использование земель или земельного участка (его части) в соответствии с его разрешенным использованием будет невозможно или существенно затруднено в связи с осуществлением деятельности, для обеспечения которой устанавливается сервитут – 5 (пять) месяцев.

5. Утвердить:

5.1. границы публичного сервитута согласно приложению № 2 к настоящему постановлению.

5.2. график проведения работ при осуществлении деятельности, для обеспечения которой установлен публичный сервитут в отношении земель или земельных участков, находящихся в государственной или муниципальной собственности и не предоставленных гражданам или юридическим лицам, согласно приложению № 3 к настоящему постановлению.

6. Порядок установления зон с особыми условиями использования территорий и содержание ограждений прав на земли и земельные участки определен Правилами охраны газораспределительных сетей и особых условий использования земельных участков, расположенных в границах таких зон.

7. Плата за публичный сервитут в отношении земельного участка, находящегося в государственной или муниципальной собственности и не обремененного правами третьих лиц, устанавливается в размере 0,01 процента кадастровой стоимости такого земельного участка за каждый год использования этого земельного участка. При этом плата за публичный сервитут, установленный на три года и более, устанавливается не менее чем 0,1 процент кадастровой стоимости земельного участка, обремененного сервитутом, за весь срок сервитута, согласно пункту 4 статьи 39.46 Земельного кодекса Российской Федерации.

Плата за публичный сервитут, установленный в отношении земельных участков и (или) земель, находящихся в государственной или муниципальной собственности и не обремененных правами третьих лиц, вносится обладателем публичного сервитута единовременным платежом не позднее шести месяцев со дня принятия решения об установлении публичного сервитута.

8.Акционерное общество «Газпром газораспределение»:

8.1. Имеет права и несет обязанности, предусмотренные статьей 39.50 Земельного кодекса Российской Федерации.

8.2. Обязано привести земельные участки в состояние, пригодное для их использования в соответствии с разрешенным использованием, в срок не позднее чем через три месяца после завершения строительства, капитального или текущего ремонта, реконструкции, эксплуатации, консервации, сноса инженерного сооружения, для размещения которого был установлен публичный сервитут.

9. Акционерное общество «Газпром газораспределение» в установленном порядке обеспечить заключение с правообладателями земельных участков, соглашения об установлении публичного сервитута, предусматривающего в том числе размер платы за сервитут в соответствии с действующим законодательством.

10. Публичный сервитут считается установленным со дня внесения сведений о нем в Единый государственный реестр недвижимости.

11. Ведущему специалисту отдела МКУ «Отдела строительства, дорожно транспортного и ЖКХ» администрации МР «Цумадинский район» Магомедову Ахмеду Шахбановичу исполнить требования, предусмотренные подпунктами 4 и 5 пункта 7 статьи 39.43 Земельного кодекса Российской Федерации.

12.Опубликовать настоящее постановление в районной газете «Голос Цумады» и разместить на официальном сайте администрации МР «Цумадинский район» в информационно-телекоммуникационной сети «Интернет».

13.Контроль над исполнением настоящего постановления возложить на заместителя главы администрации муниципального района «Цумадинский район» Магомедова Х.Г.

**Глава муниципального района Ш. Омаров**

# Постановление №33

**17 февраля 2025 г.**

**Об установлении публичного сервитута в целях реконструкции и эксплуатации линейного объекта «Газопровод межпоселковый к с. Халих Цумадинского района», назначение: транспортировка газа. Площадь: общая 8321 прочие. Протяженность: 8321.0000 м. Доп. описание: протяженность: 8321м Адрес (местоположение): Россия, Республика Дагестан, Цумадинский район. (Код стройки 48802-20)» и его неотъемлемых технологических частей**

В соответствии со статьей 23, главой V.7 Земельного кодекса Российской Федерации, Федеральным законом от 06.10.2003 №131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», программой «Газификация жилищно-коммунального хозяйства, промышленных и иных организаций Республики Дагестан на 2022-2031 годы», Распоряжением Правительства Российской Федерации от 15.12.2021 №3603-р «Об определении ООО «Газпром газификация» единым оператором газификации», Уставом муниципального образования «Цумадинский район» Республики Дагестан, на основании ходатайства общества с ограниченной ответственностью «Газпром газификация» (далее - ООО «Газпром газификация»), Администрация муниципального района «Цумадинский район» **постановляет:**

1.Установить публичный сервитут в целях строительства, реконструкции и эксплуатации линейного объекта и его неотъемлемых технологических частей «Газопровод межпоселковый к с. Халих Цумадинского района», назначение: транспортировка газа. Площадь: общая 8321 прочие. Протяженность: 8321.0000 м. Доп. описание: протяженность: 8321м Адрес (местоположение): Россия, Республика Дагестан, Цумадинский район. (Код стройки 48802-20)» в соответствии с пунктом 1 статьи 39.37 Земельного кодекса Российской Федерации в отношении земель и земельных участков согласно приложению №1 к настоящему постановлению.

2.Определить обладателя публичного сервитута-АО «Газпром газораспределение», ИНН 7838306818, ОГРН 1047855099170, место нахождения юридического лица: 197110, г. Санкт-Петербург, набережная Адмирала Лазарева, дом 24, литера А, адрес электронной почты: gsp@gsp.gazprom-investgaz.ru

3.Утвердить границы публичного сервитута согласно приложению №2 к настоящему постановлению.

4.Срок действия публичного сервитута - 49 (сорок девять) лет со дня внесения сведений о нем в Единый государственный реестр недвижимости.

5.Срок, в течение которого использование земель и (или) частей земельных участков, указанных в приложении №1 к настоящему постановлению, в соответствии с их разрешенным использованием будет невозможно или существенно затруднено в связи с осуществлением деятельности, для обеспечения которой устанавливается публичный сервитут - 5 (пять) **месяцев**.

6.Порядок установления зон с особыми условиями использования территорий и содержание ограничений прав на земли и земельные участки в границах таких зон установлен постановлением Правительства Российской Федерации от 20 ноября 2000 года № 878 «Об утверждении Правил охраны газораспределительных сетей».

7.Плата за публичный сервитут устанавливается:

7.1.В отношении земельных участков, находящихся в государственной или муниципальной собственности и не обремененных правами третьих лиц, в размере 0,01 процента кадастровой стоимости указанных земельных участков за каждый год их использования пропорционально обремененной сервитутом площади, но не менее чем 0,1 процента кадастровой стоимости земельных участков за весь срок сервитута:

7.2.В отношении земель и земельных участков, кадастровая стоимость которых не определена, в размере 0,01 процента среднего уровня кадастровой стоимости земельных участков по соответствующему муниципальному району (муниципальному округу, городскому округу) за каждый год их использования пропорционально обремененной сервитутом площади, но не менее чем 0,1 процента среднего уровня кадастровой стоимости земельных участков за весь срок сервитута.

8.Информация о графике проведения работ при осуществлении деятельности, для обеспечения которой устанавливается публичный сервитут, в отношении земель и земельных участков, находящихся в государственной или муниципальной собственности и не предоставленных гражданам или юридическим лицам, представлена в приложении №3 к настоящему постановлению.

9.Обладателю публичного сервитута привести земельные участки, указанные в приложении №1 к настоящему постановлению, в состояние, пригодное для их использования в соответствии с видом разрешенного использования, в срок не позднее, чем три месяца после завершения строительства.

10.В течение пяти рабочих дней со дня принятия настоящего постановления:

10.1. Опубликовать настоящее постановление в районной газете «Голос Цумады» и разместить на официальном сайте администрации муниципального района «Цумадинский район» в информационно-телекоммуникационной сети «Интернет».

10.2. МКУ «Отделу строительства, дорожно-транспортного и ЖКХ» администрации муниципального района «Цумадинский район»:

10.2.1. Направить в АО «Газпром газораспределение», копию настоящего постановления об установлении публичного сервитута, сведения о лицах, являющихся правообладателями земельных участков, подавших заявления об учете их прав (обременений прав) на земельные участки, способах связи с ними, копии документов, подтверждающих права указанных лиц на земельные участки:

10.2.2. Направить копию настоящего постановления в Управление Федеральной службы государственной регистрации, кадастра и картографии по Республике Дагестан.

11.Публичный сервитут считается установленным со дня внесения сведений о нем в Единый государственный реестр недвижимости.

12.Контроль над исполнением настоящего постановления возложить на заместителя главы администрации муниципального района «Цумадинский район» Магомедова Х.Г..

13.Постановление вступает в силу со дня его подписания.

**Глава муниципального района Ш. Омаров**

## Исполнение бюджета администрации сельского поселения «сельсовет Верхнегакваринский» за 2024 год

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | 2024 год (сумма) | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | Назна-чено | Уточн. назнач. | Испол-нение | % ис-полн. |
| | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| | Собственные доходы: | | | | |
| 1 | НДФЛ | 56,0 | 56,0 | 29,7 | 53,0 |
| 2 | Земельный налог | 5,0 | 5,0 | 5,0 | 100,0 |
| 3 | Налог на имущества | 11,0 | 11,0 | 5,0 | 45,5 |
| 4 | Сельхоз налог | 4,0 | 4,0 | 0,3 | 7,5 |
| 5 | Неналоговые доходы | **45,0** | **45,0** | **45,0** | **100,0** |
| | **Итого собственные доходы** | **121,0** | **121,0** | **85,0** | **70,2** |
| | Трансферты | | | | |
| 1 | Объем дотаций | 1898,0 | 2635,1 | 2635,1 | 100,0 |
| 2 | Субвен. ВУС | 168,0 | 168,0 | 168,0 | 100,0 |
| | Итого | 2066,0 | 2803,1 | 2803,1 | 100,0 |
| | Всего доходов | 2187,0 | 2924,1 | 2888,1 | 98,8 |
| | Расходы: | | | | |
| 1 | Аппарат | **1296,5** | **1296,5** | **1828,0** | 141,0 |
| | в т.ч. зарплата | 768,4 | 768,4 | 1185,0 | 154,2 |
| 2 | Проведение выборов | **20,0** | **191,0** | **191,0** | 100,0 |
| 3 | ВУС | **168,0** | **168,0** | **168,0** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 123,0 | 123,0 | 123,0 | 100,0 |
| 4 | ЖКХ | 439,2 | **439,2** | **824,4** | 187,7 |
| 5 | Физкультура и Спорт | 10,0 | 10,0 | | |
| 6 | Культура | **263,3** | **263,3** | **262,0** | 99,5 |
| | в т.ч. зарплата | 117,9 | 117,9 | 117,1 | 99,3 |
| 7 | ФК и спорт | **20,0** | **20,0** | **0,0** | 0,0 |
| | Моллодежная политика | 10,0 | 10,0 | | |
| | Всего расходов | 2187,0 | 2187,0 | 3082,4 | 140,9 |
| | в т.ч. зарплата | 2305,8 | 1009,3 | 1425,1 | 141,2 |

**Председатель Собрания депутатовсельского поселения «сельсовет Верхнегакваринский» С. Сулейманов**

## Исполнение бюджета администрации сельского поселения «сельсовет Инхокваринский» за 2024 год

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | 2024 год (сумма) | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | Назначено | Уточн. назнач. | Исполне-ние | % исполн. |
| | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| | Собственные доходы: | | | | |
| 1 | НДФЛ | 34,0 | 34,0 | 30,3 | 89,1 |
| 2 | Земельный налог | 4,0 | 4,0 | 3,2 | 80,0 |
| 3 | Налог на имущества | 6,0 | 6,0 | 1,8 | 30,0 |
| 4 | Сельхоз налог | 1,0 | 1,0 | | 0,0 |
| 5 | Неналоговые доходы | 40,0 | 40,0 | 40,0 | 100,0 |
| | **Итого собственные доходы** | **85,0** | **85,0** | **75,3** | **88,6** |
| | Трансферты | | | | |
| 1 | Объем дотаций | 1710,0 | 1710,0 | 2715,0 | 158,8 |
| 2 | Субвен. ВУС | 158,0 | 158,0 | 158,0 | 100,0 |
| | Итого | 1868,0 | 1868,0 | 2873,0 | 153,8 |
| | Всего доходов | 1953,0 | 1953,0 | 2948,3 | 151,0 |
| | | | | | |
| | Расходы: | | | | |
| 1 | Аппарат | **1061,8** | **1061,8** | **1322,8** | 124,6 |
| | в т.ч. зарплата | 632,0 | 632,0 | 851,1 | 134,7 |
| 2 | Проведение выборов | **20,0** | **191,0** | **191,0** | 100,0 |
| 3 | ВУС | **158,0** | **158,0** | **158,0** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 118,0 | 118,0 | 118,0 | 100,0 |
| 4 | ЖКХ | 477,2 | **477,2** | **1234,4** | 258,7 |
| 5 | Культура | **256,0** | **256,0** | **210,7** | 82,3 |
| | в т.ч. зарплата | 196,5 | 196,5 | 163,7 | 83,3 |
| 6 | ФК и спорт | **20,0** | **20,0** | **0,0** | 0,0 |
| | Всего расходов | 1953,0 | 1953,0 | 2925,9 | 149,8 |
| | в т.ч. зарплата | 2008,3 | 946,5 | 1132,8 | 119,7 |

**Председатель Собрания депутатов сельского поселения «сельсовет Верхнегакваринский» М. Хучбаров**

### Эркенаб гугари

## Дагъистаналъул чемпионат

25-26 февралалда Хасавюрталда ХIамид ХIамидовасул цIаралда бугеб спортивияб комплексалда тIобитIана эркенаб гугариялъул рахъалъ Дагъистаналъул чемпионат.

СКФОялъул чемпионаталде путевкаялъе гIоло гьенир къер-кьарал Дагъистаналъул лъикIалщинал гугарухъабазда гьоркьор меседил медалал щвана Кванхиса Муса ГIалибулатовасе (57кг.) ва Эчедаса ХIабиб Заурбековасе (70кг.). КIиабилеб бакI ккуна Кванхиса Агъаджи МухIамадовас (70кг.), Гьигьалъа Муслим Шамсудиновас (86 кг.), Гьадириса ЗагьидхIажи Каримовас (92кг.),ТIиндиса МухIамадхIажи МухIамадовас (97кг.) ва Агъвалиса МухIамад Багьавдиновас (125 кг.). Лъабабилеб бакIалде ккана Кванхиса ГIабдулмуслим Муртазов (65кг.), Гьигьалъа Шамил Къадилов (79кг.) ва ТIиндиса МухIамад ХIажимухIамадов (92кг.).

## Россиялъул первенствоялда гIахьаллъизе руго

25-26 февралалда Кисловодскиялда тIобитIана 16 сонил гIумруялде рахинчIел гIолилазда гьоркьоб эркенаб гугариялъул рахъалъ СКФОялъул первенство.

Гьениб 75 кг. цIайиялда кIиабилеб бакI ккуна Санкьадаса Ибрагьим МухIамадовас. Лъабабилеб бакI щвана Къурбан Расуловасе (38 кг. Хуштада-хъутан).

Гьев кIиявгоги, Силдиса Камбулат ГIисаевги (57кг.), Кванхиса МухIамад КъурамухIамадовги (62кг.) гIахьаллъизе руго Россиялъул первенствоялда.

**Шамил Бадрудинов**

### Газпром

## Ответственность потребителя газа за недопуск контролера в домовладение

По закону абонент - потребитель газа обязан обеспечить доступ представителей поставщика газа к приборам учета газа и газоиспользующему оборудованию для проведения проверки показаний прибора учета газа и состояния газового оборудования, а также для проверки других сведений, влияющих на определение расхода газа.

Визит представителя газовой службы крайне важен для обеспечения безопасного газопотребления. Специалист всегда укажет на имеющиеся нарушения, несущие опасность для жизни и имущества, которые не замечают хозяева дома, владельцы газовых приборов.

В прошедшем2024 году специалисты «Газпром межрегионгаз Махачкала» проверили десятки тысяч газопотребляющих приборов и счётчиков газа у абонентов, как у физических, так и у юридических лиц.

Плановые контрольные мероприятия проводятся не реже одного раза в год, а также в случае поступления от абонента заявки.

А теперь самое главное: согласно подпункту «б» пункта 45 «Правил поставки газа для обеспечения коммунально-бытовых нужд граждан», утвержденных Постановлением Правительства РФ от 21.07.2008г. №549, в случае отказа абонента допускать представителей поставщика для проведения проверки, поставщик газа вправе в одностороннем порядке приостановить исполнение обязательств по поставке газа с предварительным письменным уведомлением абонента. Кроме того, для абонентов, объем поставки газа, которым определяется по показаниям прибора учета газа, в случае недопуска представителей поставщика, пунктом 62 Правил предусмотрен перерасчет объема газа в соответствии с нормативами потребления газа, за период со дня проведения предыдущей проверки до дня, следующего за днем проведения проверки по заявке абонента.

В 2024 году были увеличены штрафы за недопуск специалистов для проверки газового оборудования: - для физлиц -5-10 тысяч рублей; для юридических -500 тысяч. Также установлены штрафы за уклонение от заключения договора о ТО газового оборудования, а также непредоставление информации о смене оборудования.

Иногда представители газовых компаний на обходах сталкиваются с тем, что им не предоставляется абонентом доступ для проверки счетчиков. Советуем не игнорировать проведение плановых контрольных мероприятий, чтобы не допускать перерасчета оплаты газа в сторону увеличения задолженности.

Проверяя прибор учета газа контролер снимает контрольные показания счетчика, осматривает техническое состояние пломбы установленной поставщиком газа, оценивает работоспособность прибора учета газа, делает фото фиксацию, составляется акт сверки.

Напомним, что вызвать контролера для проведения проверки прибора учета газа можно, обратившись в абонентский участок «Газпром межрегионгаз Махачкала» по месту проживанияписьменным заявлением, с указанием контактного номера для оперативной связи.

## Бувайсар Сайтиев



2 марта 2025г. ушел из жизни выдающийся спортсмен, легенда мирового спорта, заслуженный мастер спорта РФ, трехкратный олимпийский чемпион, многократный чемпион мира, Европы и России Бувайсар Сайтиев.

Спортсмены и общественность Цумадинского района выражают глубокие соболезнования всем родным и близким семьи Сайтиевых.

## Информирование о важности прохождения диспансеризации

Диспансеризация - это комплекс мероприятий, реализующих право граждан на охрану и укрепление здоровья.

Регулярное прохождение диспансеризации необходимо вне зависимости от самочувствия. Все профилактические мероприятия проводятся для населения бесплатно.

Цели и задачи диспансеризации:

- раннее выявление хронических неинфекционных заболеваний и основных факторов риска их развития;
- определение группы состояния здоровья застрахованных граждан и группы диспансерного наблюдения лиц с выявленными заболеваниями, а также необходимых профилактических, лечебных, реабилитационных и оздоровительных мероприятий в соответствии с группой здоровья;
- проведение краткого или углублённого профилактического консультирования граждан с выявленными заболеваниями и (или) факторами риска их развития.

Позаботьтесь о своем здоровье - проходите диспансеризацию!

**А. Шапиев,** главный специалист-эксперт Ботлихского филиала ТФОМС РД

БетIерав редактор Малачдибиров ГIубайдула СагIадулаевич 8 (87273) 2-52-44

Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЦIумада район, Кьенгьара росу, Заводалъул къватI, 4

«ЦIумадисезул гьаракь» газета гIуцIарал: Дагъистан Республикаялъул «ЦIумада район» муниципалияб районалъул администрация (ОГРН 1020500562697)

Газета къватIибе биччана «Издательский дом «Дагестан» ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Насрудиновасул проспект, I «А» Тираж - 1238

Газеталъул индекс: 51377 (бащдаб лъагIалие) 63302 (лъагIалие)

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул балъголъи гьорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан. ПИ №ТУ 05-00434 от 15 июля 2019 г.

Адрес электронной почты GoIostsumady@maII.ru